

Toujou fè bezwen nou nan twalèt

Yon twalèt se kon kote ki fèt pou moun kapab fè bezwen yo, bezwen sa yo se pipi oswa pou pou. Tout kay dwe genyen yon kote ki fèt pou moun fè bezwen yo, kidonk yon twalèt. Nou dwe konsidere yon kay pa fin konstwi toutan li pa gen yon twalèt, kit se twalèt anndan kay la, kit se yon twalèt deyò nan lakou a. Pa gen kay san twalèt !

Toujou fè bezwen nou nan twalèt.

Lè yon moun fè bezwen li atè, mouch ak ravèt ki poze sou matyè a, trape mikwòb ki ladan'l nan epi mache simen yo tout kote yo pase. Lè yon moun fè bezwen li bò larivyè ak sous dlo, li gaye mikwòb ak jèm maladi nan dlo sa a, sa ki ka lakòz anpil moun trape maladi tifoyid, kolera, vè, elatriye.

Sonje lave men nou aprè nou sot fè bezwen nou chak fwa san mank !



Konsèy pratik pou elèv yo

**LIJYÈN
SE LASANTE**

**LAPWÒPTE
SE DIYITE**

